CIVIC ACTION TEAMS

# Nepal Coronavirus CivActs Campaign

अंक #७१

०३ ।७ ।२०७७

**Coronavirus CivActs Campaign (CCC)** सँ सरकार, सञ्चार माध्यम, संघसंस्था आ आम नागरिक बिचक सूचनाके दुरी कम कएक देशभैरसं संकलन कएलगेल हल्ला, नागरिकक जिज्ञासा आ प्रश्नसभ संकलन कए तथ्य पता लगाएक आम नागरिकके सूचित करैत अछि । एहिसं आम नागरिकक आवश्यकताके पहिचान करवाक साथे हल्लासभहक कोनो नकारात्मक असर पहुचावस पहिलेहि सान्दर्भिक तथ्य आम नागरिक सभमे प्रवाह कए जोखिम न्युनिकरण करैत अछि ।

## कोभिड - १९ के परीक्षण तथा ईलाज खर्च व्यक्ति स्वयम्के तिर परत्

### नि:शुल्क परीक्षण तथा उपचार सेवा पावला व्यक्तिहरु

१. आर्थिक रुपसं विपन्न
२. अशक्त तथा असहाय नागरिकसभ
३. एकल महिला
४. अति अपांगता भेल नागरिकसभ
५ ज्येष्ठ नागरिक
६. अग्रपंक्तिमे खटिरहल स्वास्थ्यकर्मीसभ
७. सरसफाई कर्मचारीसभ
८. सुरक्षाकर्मीसभ
९. जोखिम क्षैत्रमे कार्यरत कर्मचारीसभ






*मुदा, उपरदेलगेल व्यक्ति कोरोना बीमा करेने हेतै त् परीक्षण आ ईलाज खर्च सम्बन्धित आदमीके बीमा रकमसं तिरल जेतै । आरो सब तरहके ब्यक्तिके परीक्षण तथा ईलाज आदमीके अपने खर्चमे कराब पड़त ।*

ई निर्णय २०७७ कार्तिक २ गतेसं भर्ना तथा परीक्षण होबवलासभमे सबतरहके सरकारी, गैरसरकारी अस्पताल तथा प्रयोगशालासभमे लागु हेतै ।

स्रोत: https://www.facebook.com/mohpnep/videos/355630519083619

## नेपाल अपडेट



काभ्रेके कोशी पारके विद्यालयमे विद्यार्थीके हाथ धोब सिखाबैत एक विद्यालय एक नर्स कार्यक्रमके नर्स शिक्षक

चित्र: केशवराज पौडेल

### परिक्षण

पिसिआर परिक्षण: १३,००,९१८
पोजेटिभ: १,३६,०३६
उपचाररत: ४०,७७८
मृत्यु : ७५७
सन्चो भएका : ९४,५०१




Source: https://covid19.mohp.gov.np/#/

accountabilitylab NEPAL

# हल्ला र तथ्य



कोभिड - १९ के बिमारीके होम आईसोलेशनमे मृत्यु भेलापर परिवारेके ब्यवस्थापन कर कहने छै । ब्यवस्थापन मुदा केना करबै ?

कोभिड - १९ के बिमारीके होम आईसोलेशनमे मृत्यु भेलापर नजिकके आदमीके स्थानीय प्रतिनिधी आ प्रहरीके खबर कलक सुरक्षा सावधानी अपनाक अन्तिम संस्कार कर पड़त । एहन काजमे बच्चा आ ६० वर्ष सं उपरके ज्येष्ठ नागरिक लगाएतके जोखिम समुहमे परवला आदमीके सहभागि नै होबके चाही । पञ्जा, मास्क, पुरा बाँहीभेल लिबास प्रयोग कलक शवके लपेट कल आ शरीरके झोरामे राखवला काज सम्बन्धित नजिकके आदमीके अपने कर पड़त । शव वाहन नै भेल जगहमे शव उठाबमे प्रयोग होववला साधन (बाँसके ठटरी) उठाबवला आदमी मृत शरीरके नै छुबे तेनाक बनाके चाही ।

स्रोत: https://drive.google.com/file/d/1kU_EZ3AYg0dWwODiCPE9iPw83duj4xST/view



सरकारद्वारा सार्वजनिक यातायातमे सब सिटमे यात्रु राख पायत कहलाके बाद किराया सेहो नै घटाब पड़तै ? ५०% बेसीये किराया ललरहल अछि त ।

नेपाल सरकार मन्त्रिपरिषदे सँ २०७७ आश्विन २६ गते भेल निर्णय अनुसार, सार्वजनिक यातायातके स्वास्थ्य मापदण्ड पालना होई तेना क पूर्ण क्षमतामे यात्रु राख पाओत कहने अछि । साथसाथे, किराया सेहो पहिलेहे जकाँ निर्धारित कएलगेल छै । एकर मतलब ५०% बेसी किराया नै लेब पाओत से कहल गेल छै । तसर्थ पुराने किरायामे यातायात सञ्चालन कर कहने छै यदि कोई यात्रुसँ निर्धारित सँ बेसी किराया असुली केलापर कार्वाहीके लेल नजिकके यातायात प्रहरीके जानकारी करा सकैत छी ।

स्रोत: https://cutt.ly/Bgjd7ok



सुदूरपश्चिम प्रदेशमे आब जम्मा २३ कोइ कोरोना संक्रमित बिमारीके मात्रे सम्भव छै कहादन ।

प्रदेश स्वास्थ्य निर्देशनालय डोटी शुक्रदिन साँझ सार्वजनिक केने तथ्याङ्क अनुसार सुदूरपश्चिममे २३ बेडके आइसियू आ १५ टा भेन्टिलेटर मात्रे उपलब्ध छै । सेती अस्पतालमे १५ बेडके आईसीयू आ महाकालीमे ८ बेड कल २३ बेडके आईसीयू रहल स्वास्थ्य निर्देशनालयसं जारी केने तथ्याङ्कमे उल्लेख छै । अई तथ्याङ्कसं सुदूरपश्चिम प्रदेशमे बेसीमे कोरोना भाइरसके २३ टा गम्भीर बिमारीके मात्रे ईलाज सम्भव रहल स्पष्ट केने अछि ।

स्रोत: नरेन्द्र कार्की, सूचना अधिकारी, सुदूरपश्चिम प्रदेश सामाजिक विकास मन्त्रालय



वैदेशिक रोजगारी सं फिर्ता आएल युवाके बैक सहुलियत कर्जा देत कहादन ।

श्रम स्वीकृती प्राप्त कलक या नै कलक कोनो भी देशमे कम्तीमे ६ महिना काज कलक नेपाल फिर्ता आएल, लेकिन कोनो भी देशके स्थायी बसोवासके स्वीकृती नै लेने ब्यक्ति वैदेशिक रोजगारीसँ फिर्ता आएल युवा परियोजना कर्जा लेब पाओत । अईके लेल सम्बन्धित ब्यक्तिके उद्यम संचालन तथा कर्जा उपयोग सम्बन्धि प्रस्तावना पेश कर पड़त । एना सरकारद्वारा उपलब्ध करायल जायवला कर्जामे सम्बन्धित बैंक तथा वित्तिय सँस्थाके अपन आधार दरमे दू प्रतिशत सं बेसी नै कलक ब्याज कायम कर पड़त ।

स्रोत: https://cutt.ly/lgjw1ev

WhatsApp मार्फत हमरासभके विषयमे नियमित ताजा जानकारी पाब

१. आहाके कन्ट्याक्ट लिस्टमे +2760806146 एड करु

२. उपरका कन्ट्याक्ट नम्बरमे Nepal लिखक म्यासेज पठाउ




COVID-19 को बारेमा बुझ्न नि:शुल्क हटलाईन

viamo द्वारा प्रस्तुत

कोभिड - १९ सम्बन्धि मंगानियेमे जानकारी लेबके लेल आहाके NTC सिमकार्ड सँ ३२१०० मे डायल करु

accountabilitylab NEPAL

# Open Migration

## मुख्य गन्तव्य राष्ट्रमा रहेका नेपाली कामदार

| साउदी अरव | कुवेत | बहराईन | कतार | युएई | ओमान | मलेसिया | दक्षिण कोरिया |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| ३,३४,४५१ नेपाली | ७१,१९३ नेपाली | २६,००० नेपाली | ४,०६,९१७ नेपाली | २,२४,९०५ नेपाली | १७,०५७ नेपाली | ५००,००० नेपाली | ३८,८६२ नेपाली |
| ३,४२,२०२ संक्रमित | १,१६,१४६ संक्रमित | ७७,९०२ संक्रमित | १,२९,६७१ संक्रमित | १,१५,६०२ संक्रमित | १,१०,५९४ संक्रमित | ३१,३६३ संक्रमित | २५,२७५ संक्रमित |
| ४,१०७ नेपाली संक्रमित | १,७३५ नेपाली संक्रमित | ४५१ नेपाली संक्रमित | २४,३०४ नेपाली संक्रमित | २,४०० नेपाली संक्रमित | ४५ नेपाली संक्रमित | ८१ नेपाली संक्रमित | २ नेपाली संक्रमित |
| ५२ मृत्यु भएका नेपाली | ७ मृत्यु भएक नेपाली | ३ मृत्यु भएका नेपाली | १८ मृत्यु भएका नेपाली | ३७ मृत्यु भएका नेपाली | १ मृत्यु भएका नेपाली | | |

- गन्तव्य राष्ट्रमा संक्रमित नेपाली
- गन्तव्य राष्ट्रमा नेपाली जनसंख्या
- गन्तव्य राष्ट्रमा संक्रमित जनसंख्या
- गन्तव्य राष्ट्रमा मृत्यु भएका नेपाली



स्रोत: https://coronavirus.jhu.edu/map.html
https://www.covid19.nrna.org.np/
https://publications.iom.int/system/files/pdf/mp_nepal_2019.pdf

ShramikSanjal

## साउदी अरब आ यूएईसं ३ जानकारी

१. साउदी अरबमे Exit Visa लऽक बैसल आ भिषा अवधी समाप्त भेलसभके ३१ अक्टोबर २०२० तकके लेल जरिवाना बिना Extension हेतै ।

२. यूएईमे २०० कोईतक रह मिलवला सामाजिक आयोजनसभके अनुमति देबवला भेल छै । एकर मतलब आब ई महामारीके बाद यूएईमे सामाजिक जमघट करके क्रम शुरु होबवला छै ।

३. यूएईमे RTA मार्फत ग्लोबल भिलेजके लेल बस सेवा शुरु कयने छै त, आब बर दुवई देरा के जोड् सस्तादरमे नावँसेहो पुन: संञ्चालन कएल जेतै ।

www.facebook.com/shramik.sanjal सँ आँहा प्रत्येक रविदिन, बुधदिन आ शुक्रदिन साँझमे युएई समय (8:00 PM), Qatar, KSA, Kuwait (7:00 PM) Malaysia (12 Midnight) मे हमरासभके प्रत्य देख सुन सकैत छी ।

accountabilitylab NEPAL

# $ फलो द मनी - खर्चको अर्थ

## २०७७ साल श्रावण मसान्त सम्म कोभिड - १९ को सन्दर्भमा भएको जम्मा खर्च

**१३ अर्ब ३७ करोड**

| संघिय सरकार | प्रदेश सरकार | स्थानीय सरकार | प्रधानमन्त्री कोरोना रोकथाम तथा उपचार कोष |
|---|---|---|---|
| ३६% | ११% | ४५% | ८% |

## संघिय सरकारमा भएको खर्च शिर्षक

औषधी तथा स्वास्थ्य उपकरण
रु. १,७५,५२,४०,०००

क्वारेन्टाईन व्यवस्थापन
रु. ४,६९,४६,०००

स्वास्थ्य बीमा
रु. २,९३,८८,९६,०००

अन्य
रु. १,२४,७३,०००

मानव स्रोत साधन परिचालन
रु. ५,७४,४३,०००

## प्रदेश सरकारले गरेको खर्च




accountabilitylab NEPAL

# $ फलो द मनी - खर्चको अर्थ

## स्वास्थ्य केन्द्रसभके क्षमता बृद्धि कऽ स्वास्थ्य सेवा सुधार करदिस सरकारके प्रयास




कोभिड - १९ के संक्रमितके संख्या बृद्धि भेलाकेबाद अस्पतालके क्षमताके बहुत ध्यान देब परत् । ओही अनुरुप नेपाल सरकारद्वारा प्रदेश नं. १, प्रदेश नं. २ आ बागमती प्रदेशमे बेडके संख्या थप १० अर्ब १० करोड रकम निकासा केने छै । अईके तहत ३३ जिलाके ११८ पालिकामे १२१० बेड थप कएलजेतै । बागमती प्रदेशमे दुनु संकृय संक्रमित आ जम्मा संक्रमितके संख्या सबसँ बेसी छै । तहिना कऽक जम्मा संक्रमितके हिसाबसँ प्रदेश नं. २ दोसर स्थानपर अछि त, सकृय संक्रमितके हिसाबसँ प्रदेश नं. १ दोसर स्थानपर अछि । यदि ई रकमके सहि सदुपयोग कएल जाए तँ, स्वास्थ्य सेवाके गुणस्तर सुधार कर बड्का सहयोग पुगतै । वित्तिय ब्यवस्थापनमे ध्यान दऽक अखनके महामारीसँगे लड् ई प्रयास आरो प्रदेशमे सेहो जरुरी छै ।

नोट: हाम्रो उद्देश्य सरकारले गरेको राम्रो काम र छुट्याएको बजेटको बारेमा सबैलाई जानकारी होस र सो पश्चात यस विषयमा नागरिक र अन्य सरोकारवालाको बिचमा छलफल भई सरकारलाई प्रयाप्त पृठपोषण प्राप्त होस् भन्ने हो । यहाँ प्रस्तुत विवरण पूर्ण हैन । उपलब्ध माध्यमबाट संग्रह गरी राखिएको हो । थप सही तथ्यांक संकलन गरी परिमार्जन गर्दै जानेछौं । यसमा सबैले सहयोग गरिदिनुहुन अनुरोध गर्दछौं ।

accountabilitylab NEPAL

# १२ दिन चैलक एला, आब गाँम नै छोड् परैत त होईतै



गगाँमके करिब १ दर्जन साथीसभ पैसा कमायला कहिक २०७६ अगहन महिनामे भारतके उत्तराखण्ड प्रदेशके लोहाघाट गेल छलौ । लेकिन, विश्वब्यापी महामारीके रुपमे फैलल कोरोना भाइरस आ लकडाउनके कारण चैते सँ काम नै भेटक बेरोजगार रह पड्ल । ओत खेनाई आ रहनाई सेहो मुश्किल होब लागल । पुरे भारतभैर कोरोनाके जाँल फैल चुकल छलै । अन्तत: २०७७ वैशाख १६ गते हमसभ ओतसँ पैदलयात्रा कळक नेपाल फिर्ता आबके तैयारी केलौ । १६ गते साँझ ८ बजे चलल हमसभ, रस्ता बिसैरक १७ गते भोरमे फेरो ओही जगहपर पहुँच गेलौ ।

१७ गते भोरमे हमसभ रस्ते रस्ते चल लगलौ । जंगलमे पुगलापर जंगली सुगार ओहीबीचमे बच्चा जन्मेने छलै । ऊ हमरासभके खिहारलक । हमरासभमे सँ किछके नोचलक सेहो । ओत सँ भाईगक किछ दुर पहुचलाँपर एक आदमीसँ भेट भेल आ हुनकर घरमे जाळक किछ खायवला चिज खेलौ । खेलौ सेहो कि कहु, कनि कनि चखलौ । पेट भैर खाय त कत भेटैत ? १७ गते सेहो राईत भैर चललौ । कठिन उतार चढाब सँ चलैतकाल मने तरंगित जाईत छल । खाढ् उचाईपर किछ साथीसभके डोरी सँ सेहो तान परल ।

एना लगैत छल, जिन्दगीके सबसँ बड्का वज्रपात हमसभ भोईग रहल छी । बैशाख १८ गते राईत मुदा बहुते थकान लगलासँ जंगलेमे रहलौ । कत, कोन जगह छै पता नै चलल । नजिके पानी भेलासँ ओत राईत बितेलौ । पानीसँगे कनिकनि अपनालग भेल खायवला चिज खेलौ । वैशाख १९ गते दिनमे १२ बजे आखिरकार नेपाल भारत सिमाना गड्डाचौकी नजिके आबिगेलौ । ऊ बजार टनकपुरसँ ३ किलोमिटरके दुरीमे परैत छै । लेकिन, ओत प्रहरी रोकलक । राईत भैर खुल्ला चौरमे बितल । मच्छर काईट काईटक परेशान कळ देलक । कनिके खायवला चिज देलक । लगैत छल जे हमरासभके भुखके खौजाब ओतेबे खायवला चिज देने छल । अर्थात हमसभ जिवके लेल मात्रे खाना खाईत छी । दोसरदिन सुरक्षाके लेल कहिक प्रहरी टनकपुर नजिकके एकटा कोठलीमे लळजाँक रखलक । कनि कनि खाना देलक । पानी पिबलेल सोचिसोचीक पिब परैत छल । ओत ५ दिन रहलौ । तेकरबाद ओत सँ चललौ । सीमानासँ ३ सँ ४ हजार किराया तिरक दैलेख एलौ । भारत सँ चललाके १२ दिनमे गाँम एलौ ।

गाँममे कामकाज किछ नै छै । एतके अधिंकाश ग्रामवासीसभ कामकाज खोज भारते जाइत अछि । हम १२ दिन चैलक भारत सँ घर एलौ, आब गाँम छोईड्क जाय नै पैरतै त होईतै जेना लागैत अछि । लेकिन, गाँममे रोजगारी उत्पन्न होबके कोनो लक्षण नै देखाईत अछि । घर परिवार पालहे पड्त । कहिया परिस्थिती सामान्य हेतै आ, रोजगारीके लेल फेर भारत जाएल जेना भेल छै । सरकार हमरासभके विषयमे के सोचत ?



**बालाराम आचार्य**

*चामुण्डा बिन्द्रासैनी नगरपालिका १ दैलेख*

# बागमती प्रदेशमे अखनो उच्च संक्रमणके खतरा

## प्रदेश अनुसार कोभिड - १९ के सकृय संक्रमित, निक भेल आ मृत्यु भेलसभके संख्या




उपरका ग्राफमे नेपालके प्रदेश अनुसार कोभिड - १९ के सकृय संक्रमित, निकभेल आ मृत्यु भेलसभके संख्या देखाएल गेल छै । प्रस्तुत तथ्यांक खतराके संकेत करैत अछि । अखनके कुल सकृय संक्रमित मे सँ ६२ प्रतिशत सकृय संक्रमित बागमती प्रदेशके मात्रे अछि । ओईमे सेहो बेसी संख्या काठमाण्डौ उपत्यकाके छै । लेकिन, निक होबवलाके तथ्यांक देखबै त, जम्मा संख्या मे सँ बागमती प्रदेशके मात्रे ४२ प्रतिशत छै । आईके मितितक् लगभग आधा जते कोभिड - १९ सँ संक्रमित बागमती प्रदेशमे मात्रे भेटल छै । तहिना कळक कोभिड - १९ सँ मृत्यु होबवला ४५ प्रतिशत व्यक्ति सेहो बागमती प्रदेशके छै । अखनके सकृय संक्रमित, निक होबवला आ मृत्यु होबके तुलनात्मक अनुपातसँ आगामी दिनमे संक्रमण आरो बढ्के सम्भावना छै ।

स्रोत: HEOC, MoHP, SitRep

**DISCLAIMER**

अई अंकमे समेटलगेल हल्ला, सवाल तथा सूचनासभ, बहुतोरास संस्था तथा व्यक्ति, नेपाल सरकार स्वास्थ्य तथा जनसंख्या मन्त्रालय आ विश्व स्वास्थ्य संगठनके वेबसाईट, सामाजिक सञ्जाल, ७ टा प्रदेशमे रहल कम्युनिटी फ्रन्टलाईनर्स आ सिभिक एक्सन टिम विगत एक सप्ताहमे बहुतो आदमीसभसंगेके प्रत्यक्ष तथा अप्रत्यक्ष संवादसँ संकलन कएलगेल छै । विषयके महत्व, सान्दर्भिकता आ तीव्रताके ध्यान दळक हल्ला, सवाल तथा जिज्ञासासभ छनौट कएलगेल छै । अई अंकमे समेटलगेल जानकारी बुलेटिन प्रकाशित भेल मिति तक सत्य छै ।

**Coronavirus CivActs Campaign** is brought to you by **Accountability Lab Nepal**.

accountabilitylab communities

@CivicActionTeams @civacts @CivActs